# Адыгэбзэмк1э

# урок зэ1ухам и план

# 5 класс

Къанло Аксанэ Б.-
адыгэбзэмрэ
литературэмрэк1э
егъэджак1уэ

## Темэр: Плъыфэц1эхэм я зэлъытыныгъэ степенхэр, абыхэм я къэхъук1эхэр.

**Мурадыр:**

**а)** плъыфэц1эхэм я зэлъытыныгъэ степенхэр, абыхэм я къэхъук1э зэмыл1эужьыгъуэхэр егъэщ1эн;

**б)** я бзэм зегъэужьын: бжьамий, бдзэпц1э псалъэхэм я мыхьэнэр егъэщ1эн;

**в)** сабийхэр жыджэру, лэжьыгъэр ф1ыуэ ялъагъуу егъэсэн.

**Къэгъэсэбэпыныгъэхэр**: ИКТ**,** карточкэхэр, сурэтхэр, таблицэхэр.

### Урокым и ек1уэк1ык1эр.

1. **Словарнэ лэжьыгъэ.**

***(слайдым иту)***

**а)** Хьэрф къызыхуэтхэр хэгъэувэжын, тхык1э хабзэр къыжы1эн: дуне.м, псор., бжь.мийуэ, уа., ше., б.лий, жыге.шхуэхэр, джэд..ей, .скэрбий.

**б)** псалъэр зэрызэхэт хьэрфхэмрэ макъхэмрэ зэпкърыхын:

| | |
|---|---|
| уае – [уайе] | м. – 4 (у,а,й,е) |
| хь – 3 (у,а,е) | м. д. – 2 (у,й) |
| хь. д. – | м. з. – 2 (а,э) |
| хь. з. – 3 (у,а,е) | пыч. – 2 (уа - е) |

**в)** псалъэр зэрызэхэт 1ыхьэк1э зэпкърыхын:

жыгеишхуэхэр

**г)** бжьамийуэ – щы1., п. ф. – бжьэмий, ц1э з., мыб. скл., О. п., з. бж.

2. **Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**а)** карточкэк1э гъэлэжьэн.

**1 карточкэ:**

1. Мэз псалъэр склоненэ щ1ык1ит1ым тету зэхъуэк1ын.
2. Псалъэ зэпхахэм хэт плъыфэц1эхэр щ1этхъэн, зыщыщ плъыфэц1эрэ щытык1э плъыфэц1эрэ зэхэгъэк1ын: мы1эрысэ, плъыжь, лэныстэ жан, ищхъэрэ къуажэ, мэз щхъуант1э.

**2 карточкэ:**

1. Псалъэухар синтаксическэк1э зэпкърыхын:

**Лъагъуэ ц1ык1ур мэз 1увым к1уэц1рок1.**

**2.** Псалъэ зэпхахэм хэт плъыфэц1эхэр щ1этхъэн, зыщыщ плъыфэц1эрэ щытык1э плъыфэц1эк1эрэ зэхэгъэк1ын: нобэрей газет, пы1э ф1ыц1э, ещанэрей т1ысып1эм, к1эстум сырыху.

**3 карточкэ:**

**1.** Щы1эц1эхэр къызэрыхъуа щ1ык1эхэр къэгъэлъэгъуэн: ц1ыхугъэ, хьэщ1эщ, псылъэ, мы1эрысей, унэшхуэ.

**2.** Псалъэухам плъыфэц1э хэгъэувэжын, плъыфэц1эхэр зыщыщрэ щытык1эрэ зэхэгъэк1ын.

**Дэ мы1эрысэ … къыпытчыжащ. Совхозым и жызум … бэгъуащ.**





**б) Опрос.**

- Сыт плъыфэц1эк1э зэджэр?

- Плъыфэц1эхэр предметым и плъыфэ, и щытык1э, зыщыщ къэзыгъэлъагъуэ, зи щхьэ хущыт псалъэ лъэпкъыгъуэщ.

- Сыт хуэдэ упщ1эхэм жэуап хуэхъурэ плъыфэц1эхэр?

- Плъыфэц1эхэр жэуап хуохъу сыт хуэдэ? дэтхэнэ? дэтхэнэрей? упщ1эхэм.

- И мыхьэнэрэ грамматическэ щытык1эрэк1э плъыфэц1эхэр гуп дапщэу зэщхьэщык1рэ ик1и сыт хуэдэ ахэр?

- И мыхьэнэрэ грамматическэ щытык1эрэк1э плъыфэц1эхэр зэшхьэщок1 зыщыщ, щытык1э къэзыгъэлъагъуэу.

- Щапхъэ къегъэхьын.

- Сыт къигъэлъагъуэрэ зыщыщ плъыфэц1эм?

- Зыщыщ плъыфэц1эм предметыр щ1ып1эрэ зэманк1эрэ зэхьэл1ар къегъэлъагъуэ (ипщэ къуажэ, иджырей зэман).

- Сыт къигъэлъагъуэрэ щытык1э къызэрык1 плъыфэц1эхэм?

- Щытык1э къызэрык1 плъыфэц1эхэм къегъэлъагъуэ предметым и щытык1э зэхуэмыдэхэр: и плъыфэ, и инагъ, ц1ык1уагъ, и 1эф1агъ, н. (къалэ ин, мы1эрысэ 1эф1).

**в)** Унэм щагъэзэщ1а тхыгъэ лэжьыгъэр зэращ1ыжам к1элъыплъын. (лэжьыгъэ 386).

Нэгъабэ кърахьэл1эжа гъавэр – нэгъабэрей гъавэ; пасэм щыгъуэ зэрахьэу щыта щыгъын – пасэрей щыгъын; щ1эх – щ1эхыурэ сымаджэ хъу сабий – сабий сымаджэрилэ; къаруушхуэ зыхэлъ щ1алэ – щ1алэ къарууф1э; удзым ещхь фэ яжьэм ещхь бостей – бостей яжьафэ; гушы1эн зыф1эф1 ц1ыху – ц1ыху гушы1эрей; ищхъэрэк1э къриху жьы – ищхъэрэжь; дыгъуасэ къыдэк1а газет – дыгъуасэрей газет.

**г)** Карточкэхэр къыхэхыжын.

**3. Бзэм зегъэужьын сурэтк1э.** ***(слайдым иту)***

**«Си нанэу, си нанэ дыщэ!»**



**4. Темэщ1эр етын.**

– Плъыфэц1эхэм я зэлъытыныгъэ степенхэр, абыхэм я къэхъук1эхэр.

***(слайд темэр иту)***

Хэзышэ беседэ: Фыпсэу, хъарзынэу фылэжьащ. Нобэ дэ пытщэнущ плъыфэц1эхэм теухуауэ урок к1уам къыщытщ1ам. Сэ и гугъу фхуэсщ1ынущ щытык1э къызэрык1 плъыфэц1эхэм я зэлъытыныгъэ степенхэм, абыхэм я къэк1уэк1эхэм.

**1.** Щытык1э къызэрык1 плъыфэц1эхэм зэлъытыныгъэ степену т1у я1эщ: зэгъэпщэныгъэрэ егъэлеиныгъэрэ.

Зэгъэпщэныгъэ степеным къегъэлъагъуэ зы предмет гуэрым нэхърэ адрейм а зы щытык1эр нэхъыбэу зэри1эр. Егъэлеиныгъэ степеным къегъэлъагъуэ адрей предмет псоми нэхърэ а зы щытык1э дыдэр предмет псоми (гуэрым) нэхъыбэу, егъэлеяуэ хэлъыныгъэ.

2. Девгъэплъыт иджы а степенхэм я къэхъук1эхэм (таблицэмк1э къагурыгъэ1уэн степенхэм я къэк1уэк1эхэр).

| Зыми емылъыта плъыфэц1эр | Зэгъэпщэныгъэ степеным и къэк1уэк1эр | Егъэлеиныгъэ степеным и къэк1уэк1эр |
|---|---|---|
| 1. 1эф1; | 1. нэхъ 1эф1;<br>2. нэхърэ нэхъ 1эф1; | 1. 1эф1 дыдэ;<br>2. нэхъ 1эф1 дыдэ;<br>3. 1эф1ыщэ 1эф1ы1уэ;<br>4. хуабжьу 1эф1. |

**3.** Слайдым ит псалъэхэм къегъэджэн, плъыфэц1эхэр къэгъуэтын, степеныр къыжы1эн, степеным и къэк1уэк1эр къэгъэлъэгъуэн.

а) Ди Хэкур къэралу дунейм тетым я нэхъ къулей дыдэщ. (егъэл.)

***(слайд)***








**б)** Фом нэхърэ нэхъ 1эф1, бдзапц1эм нэхърэ нэхъ хьэлъэ, уи щ1ыб иплъхьэмэ пхуэмыхь, бэзэрым пхьымэ ямыщэху (жей).

Къуажэхьыр къегъэщ1эн.

Къуэжэхьым и мыхьэнэр къыжегъэ1эн, гъэсэныгъэ лэжьыгъэ ядегъэк1уэк1ын.

**5. Сурэтым ит псэущхьэхэм еплък1эрэ къуажэхьхэр къегъэщ1эн.**

***(слайдым иту)***




6. **Яджар зэрыгъэубыдын.**

**1.** Правилэм къегъэджэн.

**2.** Лэжьыгъэ 388 тхыгъэк1э гъэзэщ1эн.

Тэрч Урыху нэхърэ нэхъ к1ыхьщ. Къуршыпсыр тафэжьым нэхърэ нэхъ уэлщ. Бажэр дыгъужьым нэхърэ нэхъ бзаджэщ. Дыгъэр щ1ым нэхърэ нэхъ инщ. Щ1ымахуэ махуэм нэхърэ жэщыр нэхъ к1ыхьщ. Гъэмахуэ махуэм нэхърэ жэщыр нэхъ к1эщ1щ.

**3.** Езыр-езыру гъэлэжьэн. Лэжьыгъэ 389 (1-3):

- пхъашэ – пхъашэ дыдэ, нэхъ пхъашэ дыдэ, пхъашащэ, пхъашэ1уэ;
- щ1ы1э щ1ы1э дыдэ, нэхъ щ1ы1э дыдэ, щ1ы1ащэ, щ1ы1э1уэ;
- хужь – хужь дыдэ, хужьыбзэ, хужьы1уэ, хужьыпс.

7. **Урокыр къызэщ1экъуэжын.**

**1.** Упщ1эхэм жэуап етын:

- Ц1ык1ухэ, сыт нобэ плъыфэц1эхэм теухуауэ щ1эуэ къэфщ1ар?

- Сытк1э зэщхьэщык1рэ зэгъэпщэныгъэ степенымрэ егъэлеиныгъэ степенымрэ?

- Хэт жи1эн зэгъэпщэныгъэ степеным и къэк1уэк1эхэр? (щапхъэ къегъэхьын).

- Егъэлеиныгъэ степеным сыт хуэдэ къэк1уэк1э зэхуэмыдэхэр и1э (щапхъэ къегъэхьын)..

8. **Унэ лэжьыгъэр етын.**

9. **Плъыфэц1эр къэпщытэжын. Лэжьыгъэ 392 тхыгъэк1э гъэзэщ1эн.**

10. **Оценкэр гъэувыжын.**